18+

ХЬУСАЙН ШОВХАЛОВ

# ДОЬЗАЛ ВОЦЧАРНА ХАА ДЕЗАРГ

ХЬУСАЙН  ШОВХАЛОВ

# ДОЬЗАЛ ВОЦЧАРНА ХАА ДЕЗАРГ

«Издательские решения»

**ШОВХАЛОВ Х.**

ДОЬЗАЛ ВОЦЧАРНА ХАА ДЕЗАРГ / Х. ШОВХАЛОВ —
«Издательские решения»,

ISBN 978-5-00-518219-7

— Доьзал ца хуьлучарна хаа дезарг— Доьзал ца хуьлучара лело деза некъаш
— Доьзал Делера риц1къ хилар билгалла даккхар

ISBN 978-5-00-518219-7

© ШОВХАЛОВ Х.
© Издательские решения

# Содержание

ДОЬЗАЛ ДЕЛЕРА РИЦ1КЪАН 6
ДАЛА ДОЬЗАЛ Х1УНДА ЦА ЛО? 8
Конец ознакомительного фрагмента. 9

# ДОЬЗАЛ ВОЦЧАРНА ХАА ДЕЗАРГ ХЬУСАЙН ШОВХАЛОВ

*ДЕШХЬАЛХЕ*

© ХЬУСАЙН ШОВХАЛОВ, 2020
ISBN 978-5-0051-8219-7
Создано в интеллектуальной издательской системе Ridero

Бисмиллах1иррохьманиррохьийм.

Хастам бу Аллах1ана Шен халкъана риц1къ латтош волучу, массо 1аламашна оьшург луш волучу, дериге х1ума Шен къинхетамца 1алаш деш волучу.

Хастам бу Хьуна барам боцуш, чаккхе йоцуш, Хьо хьакъ долуш ма хилар тера, х1ай тхо кхиош-кхобуш волу тхан везан Дела.

Аллах1ан салават а, маршалла а хуьлда Аллах1ан элчан Мухьаммадан а, цуьнан гергарчарна а, асхьабашна а, цара лелийнарг лелош церан некъа т1ехь маьл волучу стагна а, зудчунна а.

Лараме ваша, йиша!

Ашшим х1усам кхоьллина шуьшиъ цхьанакхаьтта т1аьхьенна са а туьйсуш. Доьзал кхиоран марзоне са а туьйсуш. Берин деларо шаьшшин самукъадаккхаре са а туьйсуш. Шаьшшиъ къанале даьлча, доьзало 1алаш деш шаьшшиъ леладарн ойла а йолуш. Цара шаьшшиъ д1аадоьллина, шаьшшина т1ера саг1а а доккхуш, до1а а даьш, шаьшшиг дага а дог1у шаьшшин т1аьхье д1аяг1аре са а туьйсуш.

Делахьаъ, шуьшинна ма лаъара доьзал ца хуьлуш хан д1айоьду шуьшин. Г1айг1анехь хуьлу шуьшиъ, гаттонехь са хьийза шуьшин. Цундела, шуьшин дог оьцуш, шуьшинна доьзал ца хуьлуш Дала хан ялийтарн хьикмат билгалла деш, цунах шуьшин хила беза динаца бог1у нийса кхетам шуьшин билгалла беш, ашшим лелон дезарг хьахадеш, Дала шуьшинна т1едиллинарг шуьшин довзуьйтуш, х1ара жайна яздо ас.

Х1ара жайна дешарца шуьшин хуар ду шаьшшин доьзал хира вуй, Даламукъалахь. Кху жайно шуьшин даг чохь Делан кхелаца долу ийман са доккхура ду. Х1ара жайна дешаро шуьшин са пархата доккхура ду, «Доьзал хир вуй те тхан?» – боху хаттар шуьшин даг чуьра д1аадаьлла, «Доьзал хир ву тхан» – аларах тешарца дог дузура ду шуьшин.

Х1ара жайна дешарца дог пархата дера ду шуьшин. Синтемах, Делан кхелан муьт1ахь хиларах дог дузара ду шуьшин.

Ишттa пайданаш шуьшин хиларе са а туьйсуш яздина аса х1ара жайна. Иза хилар Делан карахь ду, Дала пайде бойла шуьшин х1ара болх.

*Шовхал Сайд-Селиман Хьусайн*

# ДОЬЗАЛ ДЕЛЕРА РИЦ1КЪАН СОВГ1АТ ДУ

Массо х1уманна риц1къа латтош верг Дела вуй хаа вайна. Риц1къа аьлча, уггаре хьалха вайна дагадохург аьтто бу. Амма риц1къа цхьан аьттонна т1ехь чекх долуш дац. Риц1къа, адаманна кху шен дуьнен дахарехь оьшуш мел долучу х1уманах олу. Могушалла рицкъ ду, накъостий риц1къ ду, да нана риц1къ ду, ийман риц1къ ду, адамо еш йолу дика 1амал риц1къ ду, иштта адамо пайда оьцуш долу дериге х1ума Делера риц1къ ду. Иштта риц1къах бу доьзал а.

Доьзал луш верг Дела ву. Вайн махаьара, муьлхачу х1уманна бахьан хотта деза, х1унда аьлча, Дала Ша хуьлуьйтуш долу х1ума бахьанах тесна дера. Иза Делан хьикматах ду. Делахь а, и бохург дац, бахьан хилча и бахьан шен доьхьа дина х1ума хила деза бохург. И хилар Делан карахь ду. Шена лаахь Дала хуьлуьйту иза, Шена ца лаахь ца хуьлуьйту.

Цундела, риц1къ хилара Дала бахьанах дихкина ду, т1къа риц1къа бахьан дарца лаха дезаш ду.

1умар бин Хатта́бс (Дела реза хуьлда цунна) аьлла:

<<Шух цхьа́ а риц1къ ца лохуш, «Я Аллах1! Риц1къа ло суна» бохуш охьа хиъна ма 1ойла, баккъалаъ, шуна хаакх, мархнаша деши а, я дети а доссош ца хилар>>.

Цундела шина адамо цхьанакхаьтта х1усам кхоьллинехь, цара доьзал хиларан бахьан хотта дина, амма церан доьзал хилара Делан карахь ду.

Хийлаза гинакх вайна, стаг а зуда а могуш долуш, цхьа а тайпа цаьрца цамгар йоцушехь, церан доьзал ца хуьлуш. Иштта гинакх вайна, стаг зуда могуш а доцушехь, церан доьзал хуьлуш. Иштта гинакх вайна, лоьраш доьзал хила йиш яц аьлла неха доьзал хуьлуш.

Иштта гинакх вайна, лоьраш доьзал ца хила йиш яц аьлчу неха доьзал ца хуьлуш. Цо гойту, и доьзал хилар ц1ен Делан карахь хилар, Цуьнгара иза веха везаш хилар.

Дала боху къуръан чохь:

**<< Алла́х1и ду стигланашкара паччахьала, лаьтта т1ера пачахьала а, Шена луъург кхуллу Цо, Шена луъчунна йо1рий ло Цо, Шена луъчунна къентий ло, йа Шена луъчунна къентий а, йо1ри а ло, Шена луъург доьзал ца хуьлуш а во, боккъалаъ, Иза хууш ву, ниц1къ кхочуша а ву >>.** [1]

Къуръанан маь1на доккхуш воккха муфассир хиллачу Имам Байдовис (Дала къинхетам бойла цунах) боху цу Делан дешан маь1ан доккхуш:

<<Цуьнан маь1на, Делан лайши доьзал хиларца долу хьелаш тайп-тайпана хилар ду, Делан лаамах доьзна долуш. Шена луъчунна бекъ къентий ло Цо, я Шена луъчунна бекъ йо1рий ло Цо, я Шена луъчунна къентий а, йо1рий а ло, я Шена луъург доьзал ца хуьлуш кхуллу. Цу аятехь Аллах1ан гучу даккха лууш дерг, Шена луучу кепара Ша муьлхачу х1уманна т1ехь ниц1къ кхочуш хилар ду, цундела, цу аятехь Дала т1аххьара боху , и бохурга, Шена дикох хаар терра, Шен лайшна пайдехь дерг бен деш вац Иза бохург ду>>. **<<Иза хууш ву шуна, ниц1къ кхочуша а ву шуна>>**

Иштта къуръанан маь1ан доккхучу уггаре баккхийчу имамшах волу Ибн Касийрс (Дала къинхетам бойла цуннах) боху:

«Аллах1ас адам деъ кепара дина: <<Цхьаболучарна йо1рий ло Цо, цхьаболучарна къентий ло Цо, цхьаболучарна къентий а, йо1рий а ло, цхьаболучарна доьзал ца ло Цо Шен хьикматца а, 1илманца а>>.

Иштта ю Делан кхаьл, Ша Шен лайшца царна доьзал валаран хьокъехь лоьлуьйтуш ерг.

[1] – Шу́ра: аят: 49—50.

# ДАЛА ДОЬЗАЛ Х1УНДА ЦА ЛО?

Доьзал ца хилара шина кепара хуьлу:

Хьалхарнаг: Доьзал хила йиш йолуш бу уьш, делахьаъ, ца хуьлу.

Шоллаг1наг: Доьзал ца хилар цаьршин могушаллех доьзна хилар.

Ткъа цу шина хьолехьа, доьзал хила йиш ю, т1къа цунна дуккху тоьшаллаш а ду, доьзал ца хуьлуш еха хан яьлча хена, дог диллинчу зама, доьзал хилла. Делахьаъ, Дала цхьан бахьанна цхьайолучу х1усамашна т1ехьо ло иза.

Ткъа иштачу х1усамашкахь хаттар хуьлу: «Дала доьзал х1унда ца хуьлуьйту сан?» – оли.

Иза Дала хьуна цхьан дикачу пайданна ца хуьлуьйтуш хилар т1ехь шеко яц. Баккхий пайданаш бу хьуна цуьнгахь. Масала доьзал т1аьхьа гучу валаран пайданашах ду:

– Стаг а, зуда а х1усам кхоьллина хан маьл йолу, шайн дахарх лаьцна 1илма са долу церан, керла дахар алсам дойзу царна, т1аккха доьзал гучу ваьлча, цуьнан хьокъехь шуна т1ехь долу жоьпал доккха дуй хаа цаьршина, цунах кхетам алсам хуьлу цаьршинан.

– Иштта, доьзалга са тесна а долуша, иза гучу ваьлча, цунах хаза хетар алсам хуьлу церан, цунаха самукъа а алсам долу церан.

– Доьзал т1ехь гуч маьл волу а, иза кхиаварн т1ехь ч1ог1а тидаме хуьлу и шиъ, шаьшшин ниц1къ ма кхоччу дикачу кепара иза кхиа ван г1ерташ. Иза кхиаварн хьокъех цхьацца х1ума йоьшуш, ойланаш еш хуьлу и шиъ.

– Доьзал т1ехь гучу ваьлча, да нана т1ехь ч1ог1а хазахетар хуьлу, цаьршин гергарчарна а хаза хетар сов хуьлу, церан цунаха самукъа далар а алсам хуьлу.

– Доьзал т1ехьо хилча, стега а, зудчунна а аьтто хуьлу шайн дахар нисда, цхьадолу г1уллакхаш чекхдаха, царех пархат дала, доьзална мукъа долуш.

# Конец ознакомительного фрагмента.

Текст предоставлен ООО «Литрес».

Прочитайте эту книгу целиком, купив полную легальную версию на Литрес.

Безопасно оплатить книгу можно банковской картой Visa, MasterCard, Maestro, со счета мобильного телефона, с платежного терминала, в салоне МТС или Связной, через PayPal, WebMoney, Яндекс.Деньги, QIWI Кошелек, бонусными картами или другим удобным Вам способом.